

VAKSEN GWO GRIP AK VIRIS MOURI SA W DWE KONNEN 2011-12

Many Vaccine Information Statements are available in Spanish and other languages. See www.immunize.org/vis
Ampil Fèy Enfòmasyon sou Vaksen disponib an Panyòl ak nan lòt lang. Vizite www.immunize.org/vis

1 Poukisa pou w vaksinen?

Gwo grip (“lagrip”) se yon maladi kontajye.

Se viris lagrip, ki kapab simaye nan touse, estène, oubyen s nen koule, ki koze l.

Nenpòt ki moun ka trape lagrip, men to enfeksyon an pi wo kay timoun. Pou pifò moun, sentòm yo dire detwa jou sèlman. Yo gen ladan :

- lafyèv/frison
- malgòj
- doulè nan mis
- fatig
- touse
- maltèt
- nen k ap koule oubyen ki bouche

Gen lòt maladi ki kapab gen menm sentòm yo epi ke yo pran souvan pou gwo grip.

Jèn timoun, moun ki gen omwen 65 an, fanm ansent, ak moun ki gen sèten pwoblèm sante – tankou maladi kè, poumon oubyen ren, oubyen yon sistèm defans kò fèb – kapab pi malad toujou. Lagrip kapab koze gwo lafyèv ak nemoni, epi fè pwoblèm sante ki te la deja vin pi mal. Li kapab koze dyare ak kriz kay timoun. Chak ane plizyè milye moun mouri poutèt gwo grip epi plis toujou mande antre lopital.

Lè w pran vaksen pou lagrip ou kapab pwoteje tèt ou epi ou gen dwa evite simaye gwo grip bay lòt moun.

2 Vaksen pou gwo grip ak viris mouri

Gen de tip vaksen pou gwo grip:

1. Vaksen pou gwo grip ak (kote yo touye viris la), “piki pou lagrip,” yo bay avèk zegwi.
2. Vaksen pou gwo grip ak viris **vivan, modifye** (febli) yo flite nan twounen. *Vaksen sa a dekri nan yon Fèy Enfòmasyon sou Vaksen apa.*

Yon “gwo doz” vaksen pou dezaktive gwo grip ak viris mouri disponib pou granmoun laj 65 an oubyen pi gran. Mande doktè w plis enfòmasyon.

Viris gwo grip toujou ap chanje, donk vaksen anyèl rekòmande. Chak ane syantifik yo eseye fè viris ki nan vaksen an koresponn ak sa ki gen plis chans koze lagrip ane sa a. Vaksen pou lagrip pap anpeche maladi poutèt lòt viris, sa gen ladan viris lagrip ki pa nan vaksen an.

Sa pran jiska 2 semèn pou pwoteksyon an devlope apre vaksinasyon. Pwoteksyon an dire apeprè yon lane.

Gen yon seri vaksen pou gwo grip ak viris mouri ki gen yon aditif konsèvasyon ki rele timerosal ladan. Gen vaksen san Timerosal ki disponib. Mande doktè w plis enfòmasyon.

3 Kiyès ki ta dwe pran vaksen pou gwo grip ak viris mouri epi kilè?

KIYÈS

Tout moun laj 6 mwa oubyen pi gran ta dwe pran vaksen pou lagrip.

Vaksinasyon enpòtan espesyalman pou moun ki gen pi gwo ris pou pran gwo grip grav ak moun ki pre yo, sa gen ladan pèsonèl swen sante ak kontak pwòch timoun ki pi piti pase 6 mwa.

KILÈ

Pran vaksen an kou l disponib. Sa ta dwe bay pwoteksyon si sezon lagrip la vin bonè. Ou kapab pran vaksen an depi maladi a antre nan kominote w.

Gwo grip kapab parèt nenpòt ki lè, men pi fò gwo grip parèt apatide oktòb rive me. Nan dènye sezon ki sot pase yo, pifò enfeksyon te rive an janvyè ak fevriye. Lè w vaksinen an desanm, oubyen menm pi ta, sa ap toujou bon pandan pifò ane yo.

Granmoun ak timoun ki pi gran bezwen yon sèl dòz vaksen pou gwo grip chak ane. Men gen timoun ki gen mwens pase laj 9 an ki bezwen de dòz pou yo pwoteje. Mande doktè w.

Ou kapab pran vaksen pou gwo grip la menm lè ak lòt vaksen, menm lè tou ak vaksen pou enfeksyon poumon.

4 Gen moun ki pa dwe pran vaksen pou dezaktive gwo grip ak viris mouri oubyen ki ta dwe tann

- Di doktè w sa si w gen nenpòt ki alèji grav (ki mete lavi an danje), sa gen ladan alèji grav a ze. Alèji grav a nenpòt ki eleman nan vaksen an gen dwa yon rezon pou pa pran vaksen an. Reyaksyon alèji a vaksen pou gwo grip se bagay ki ra.
- Di doktè w sa si w te janm gen reyaksyon grav apre yon dòz vaksen pou gwo grip.
- Di doktè w sa si w te janm fè Maladi Guillain-Barré (yon

maladi paralitik grav, ke yo rele GBS tou). Doktè w ap ede w decide si vaksen an rekòmande pou ou.

- Moun ki bonjan malad oubyen ki malad grav dwe abityèlman tann jiskaske yo refè anvan yo pran vaksen pou lagrip. Si w malad, pale avèk doktè w sou èske ou ta dwe ranvwaye vaksinasyon w lan. Moun ki gen maladi ki pa grav kapab abityèlman pran vaksen an.

5 Ki ris ki genyen nan vaksen pou gwo grip ak viris mouri a?

Yon vaksen, tankou nenpòt ki medikaman, gen posibilite pou l koze pwoblèm grav, tankou reyaksyon alèji grav. Ris pou vaksen an koze donmaj grav, oubyen lanmò, piti anpil.

Pwoblèm grav poutèt vaksen pou gwo grip ak viris mouri ra anpil. Yo te touye viris ki nan vaksen pou gwo grip ak viris mouri a, donk ou pa ka pran gwo grip nan vaksen an.

Ti pwoblèm:

- doulè, wouj, oubyen anflamasyon kote yo te bay piki a
 - vwa anwe; je k ap fè mal, ki wouj oubyen ki grate; touse
 - lafyèv • doulè • maltèt • demanjezon • fatig
- Si pwoblèm sa yo rive, yo abityèlman kòmanse yon ti tan apre piki a epi yo dire 1-2 jou.

Pwoblèm mwayen:

Timoun piti ki pran vaksen pou gwo grip ak viris mouri ak vaksen pou enfeksyon poumon (PCV13) an menm tan sanble yo gen pliz ris kriz poutèt lafyèv. Mande doktè w plis enfòmasyon.

Di doktè w si piti ou a te janm gen yon kriz, anvan ou kite l pran vaksen pou gwo grip la.

Pwoblèm grav:

- Reyaksyon alèji a vaksen ki mete lavi an danje ra anpil. Si yo rive, se abityèlman ant detwa minit ak detwa èdtan apre vaksinasyon an.
- Nan lane 1976, yon kalite vaksen pou gwo grip ak viris mouri (grip pòsin) te asosye avèk Maladi Guillain-Barré (GBS). Depi lè sa a, yo pa jwenn relasyon ant vaksen kont lagrip ak GBS ankò. Toutfw, si gen ris pran GBS nan vaksen kont lagrip yo fè kounyeya, li pa ka pi plis ke 1 oswa 2 ka pou chak milyon moun ki vaksinen. Sa pi piti lontan pase ris gwo grip grav, ke yo kapab anpeche grasa vaksinasyon.

Yo pa dwe bay timoun laj 8 an oubyen ki pi piti yon mak vaksen pou lagrip ak viris mouri, ki rele Afluria, sòf nan ka espesyal. Yon vaksen ki sanble l te asosye avèk lafyèv ak kriz ki gen pou wè ak lafyèv kay jèn timoun nan peyi Ostrali. Doktè w kapab ba w plis enfòmasyon.

Yo toujou ap siveye si vaksen yo san danje. Pou plis enfòmasyon, vizite :

www.cdc.gov/vaccinesafety/Vaccine_Monitoring/Index.html ak www.cdc.gov/vaccinesafety/Activities/Activities_Index.html

6 E si gen yon reyaksyon grav?

Kisa mwen ta dwe veve?

Tout kondisyon ki pa abityèl, tankou gwo lafyèv oubyen chanjman nan konpòtman. Siy reyaksyon alèji grav kapab gen ladan difikilte respire, vwa anwe oubyen ral, itikè, po pal, feblès, kè k ap bat vit oubyen tèt vire.

Kisa pou m fè?

- **Rele** doktè, oubyen mennen moun nan wè doktè touswit.
- **Di** doktè a sa k rive, dat ak lè li rive a, ak lè li te pran vaksen an.
- **Mande** doktè w rapòte reyaksyon an avèk yon fòmilè Vaccine Adverse Event Reporting System (VAERS) [Sistèm Rapò Evènman Endezirab poutèt Vaksen]. Oubyen ou kapab soumèt rapò sa a sou sit wèb VAERS la nan www.vaers.hhs.gov, oubyen rele **1-800-822-7967**.

VAERS pa bay konsèy medikal.

7 National Vaccine Injury Compensation Program [Pwogram Nasyonal Dedomajman pou Donmaj Vaksen Koze]

National Vaccine Injury Compensation Program (VICP) te kreye an 1986.

Moun ki kwè yon vaksen gen dwa te donmaje yo kapab jwenn plis enfòmasyon sou pwogram nan ak sou soumèt reklamasyon lè yo rele **1-800-338-2382**, oubyen vizite sit wèb VICP a nan www.hrsa.gov/vaccinecompensation.

8 Kijan mwen kapab jwenn plis enfòmasyon

- Mande doktè w. Li kapab ba w sipleman pake vaksen an oubyen sijere w lòt sous enfòmasyon.
- Rele depatman sante lokal ou a oubyen sa ki nan eta w la.
- Kontakte Centers for Disease Control and Prevention (CDC) [Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi]:
 - Rele **1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO)** oubyen
 - Vizite sit wèb CDC a nan www.cdc.gov/flu



DEPARTMENT OF HEALTH AND HUMAN SERVICES
CENTERS FOR DISEASE CONTROL AND PREVENTION



Vaccine Information Statement (Interim)

Inactivated Influenza VIS - Haitian Creole (7/26/11) 42 U.S.C. §300aa-26

Translation provided by the Massachusetts Department of Public Health